

KHUTBAH JUM'AT BASA JAWI

Bukti Tresna Kanjeng Nabi



✦ **Hasan Abu Ayyub**

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)



KHUTBAH JUM'AT BASA JAWI

BUKTI TRESNA KANJENG NABI

Dening: Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH I

السلام عليكم ورحمة الله و بركاته
إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنُسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا
مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ
أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ رَحِمَكُمُ اللَّهُ، أَوْصِيَنِي نَفْسِي وَإِيَّاكُمْ بِتَقْوَى اللَّهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى : يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ
يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا
وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا
أَمَّا بَعْدُ، فَإِنَّ خَيْرَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرُ الْهَدْيِ هَدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ
مُحَدَّثَاتُهَا، وَكُلُّ بَدْعٍ ضَلَالَةٌ

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Pertama ugi utama mangga kita tansah syukur dumateng Gusti Allah Dzat ingkang tansah paring nikmat den tanpa wonten kendhat-kedhatipun. Sholawat ugi salam mugè tansah kalimpah dumateng Kanjeng Nabi Muhammad *shalallahu 'alaihi wasalam*, ugi para keluarganipun, para shahabat ugi sinten kemawon ingkang dados pendherekipun hengga dinten kiamat benjang.

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Wulan Rabiul Awwal punika wulan ingkang mulya, wulan wiosanipun kawulo pilihan inggih punika kanjeng Nabi Muhammad *shalallahu 'alaihi wasalam* tepatipun ing 12 Rabiul Awwal, ing wulan punika kaum muslimin kathah ingkang sami mengeti (Maulid Nabi) kanthi maneka werni kegiatan. Sedanten kala wau kamaksudaken kagem ngatonaken ugi

mbuktekaken katresnanipun dumateng panjenenganipun kanjeng Nabi Muhammad *shalallahu 'alaihi wasalam*.

Kaitanipun kalih punika, ing khutbah punika kula aturaken pembahasan “kados pundi mbuktekaken katresnan dumateng kanjeng Nabi ingkang jumbuh kalih dawuhipun Gusti Allah Ta’ala ugi Kanjeng Nabi *shalallahu 'alaihi wasalam*”. Sahengga saged damel ngukur sepinten katresnan kita dumateng kanjeng Nabi, ugi kagem mbuktekaken bener napa lamis pengakenan kula jenengan sami.

Jama’ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Enten kathah cara ingkang dipun tedahaken Gusti Allah ugi kanjeng Nabi piyambak kagem mbuktekaken katresnan kita dumateng kanjeng Nabi, antawisipun:

Sepindah, Iman ugi mbeneraken sedanten ingkang dipun beta kanjeng nabi.

Inggih punika percados (iman) dumateng kanjeng Nabi saha mbeneraken sekabehanipun syariat ingkang dipun beta tanpa rasa mamang. Sebab mboten winastanan tresna kanjeng Nabi sinten kemawon ingkang nggorohaken kanjeng Nabi soho syariatipun.

Gusti Allah Ta’ala ngendika:

يَأَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمُ الرَّسُولُ بِالْحَقِّ مِنْ رَبِّكُمْ فَأَمِنُوا خَيْرًا لَكُمْ

“Hei eling-eling para manungsa, temen – temen wes teka ing sira kabeh Rasul (Muhammad) kanthi nggawa perkara kang haq saking pangeran sira (Gusti Allah), mangka padha imano sira kabeh (sebab iku iman) becik kanggo sira kabeh.” (QS. An_Nisaa: 170)

Kaping kalih, ngathah-ngathahaken shalawat dumateng kanjeng nabi.

Cara sanes mbuktekaken tresna dumateng kanjeng Nabi inggih punika ngathah-ngathahaken maos shalawat. Gusti Allah Ta’ala paring ngendika:

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا

“Saktuhune Gusti Allah saha para Malaikate iku padha macak-ake shalawat ing atase Nabi. Hei wong kang padha iman padha shalawato sira kabeh ing atase Nabi lan ucapno salam pangurmatan kelawan Nabi.” (QS. Al Ahzab: 56)

KHUTBAH JUM'AT

Kunjungi www.alfurqonboyolali.org

dan dapatkan materi-materi khutbah lainnya

Imam Bukhari rahimahullah ngriwayataken bilih Abu 'Aliyah rahimahullah, ngendika babagan ayat ing ngajeng:

صَلَاةُ اللَّهِ تَنَاوُهُ عَلَيْهِ عِنْدَ الْمَلَائِكَةِ, وَ صَلَاةُ الْمَلَائِكَةِ الدُّعَاءُ

“Meksud shalawate Gusti Allah marang kanjeng Nabi yaiku muja-muji kanjeng Nabi ing ngarepe para Malaikat. Ondene meksud shalawate para malaikat marang kanjeng Nabi yaiku ndongakake.” (Kitab. Firqotun Naajiyah, Muhammad Jamil Az Zainu hal.178)

Pramila mangga kita ngathah-ngathahaken shalawat dumatheng kanjeng Nabi, langkung-langkung ing dinten Jumat,

إِنَّ مِنْ أَفْضَلِ أَيَّامِكُمْ يَوْمَ الْجُمُعَةِ فَأَكْثَرُوا عَلَيَّ مِنَ الصَّلَاةِ فِيهِ

“Saktuhune dina sing paling utama iku dina Jumat, mangka padha akeh-akehno sira marang inggun maca shalawat.” (HR. Abu Dawud 1047, Ibnu Majah 1085, Ahmad IV / 8, dishahihake Imam An Nawawy ing Al Adzkar 21)

Kaping tiga, mbangun miturut ing kanjeng nabi

Punika mujudaken bukti tresna kanjeng Nabi ingkang paling ageng, ugi bukti tresna ingkang paling baken.

Ananging sayang sanget, kathah sanget tiyang ingkang sami ngaken tresna kanjeng Nabi, kepara nganggep piyambake kemawon golongan ingkang estu tresa kanjeng Nabi, tapi naming kandeg ing pengakenan ugi nyanyi- nyanyi kewala tanpa dipun kanteni mbangun miturut ing kanjeng Nabi saha syari'atipun. Syariat ingkang rupi dawuh ingkang kedah dipun tindhakki saha pacuh (larangan) ingkang kedah dipun tebihi.

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Gusti Allah Ta'ala paring dawuh babagan kewajiban mbangun miturut (taat) dumateng kanjeng Nabi shalallahu 'alaihi wasalam:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَ أَطِيعُوا الرَّسُولَ

“Hei wong-wong kang podho iman, ta'ato sira kabeh ing Gusti Allah uga ta'ato sira kabeh ing Rasul (Kanjeng Nabi)” (QS. An Nisaa: 59)

KHUTBAH JUM'AT

Kunjungi www.alfurqonboyolali.org

dan dapatkan materi-materi khutbah lainnya

وَمَاءَاتُكُمُ الرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَاكُمْ عَنْهُ فَانْتَهُوا

“Lan apa-apa kang paring ing sira Rasul mangka padha ngalapo (ambillah), lan apa – apa kang nyegah (nglarang) Rasul ing sira mangka dohono (tinggalno).” (QS. Al_Hasyr : 7)

Mbangun miturut dumateng kanjeng Nabi iku sebab keslametan uga kabagyan, kosok wangsulipun mbalela ing kanjeng Nabi iku sebab kasengsaran ugi kacilakan.

Kanjeng Nabi *shalallahu ‘alaihi wasalam* paring dawuh:

كُلُّ أُمَّتِي يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ إِلَّا مَنْ أَبَى. قَالُوا: يَا رَسُولَ اللَّهِ، وَمَنْ يَأْبَى؟ قَالَ: مَنْ أَطَاعَنِي دَخَلَ الْجَنَّةَ

وَمَنْ عَصَانِي فَقَدْ أَبَى

“Sekabehane umatku bakal mlebu surga, kacoba wong-wong kang emoh (sungkan).” para shahabat sami tanglet: “Ya Rasulullah, sinten tiyang ingkang mboten purun dipun lebetaken ing surga punika?” Kanjeng Nabi ngendiko: “Sapa kang mbangun miturut marang ingsun bakal mlebu surga, ondene sapa kag mbalela ing ingsun yaiku wong kang emoh dilebokaken ing surga.” (HR. Bukhari 7280, saking shahabat Abu Hurairah radhiyallahu ‘anhu)

Jama'ah shalat Jumat ingkang kula hormati

Mekaten menggah bukti-bukti tresna dumatheng kanjeng Nabi *shalallahu ‘alaihi wsalam*, ingkang badhe pikanthuk bejo ugi kabejan ing ngalam ndunya ugi ig akherat benjang.

Mugi- mugi kulo jenengan sami kalebet ewanipun kawula ingkang tresna dumateng kanjeng Nabi saestu-estunipun katresnan, mboten naming kandeg ing lathi ugi pengakenan.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَاسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ فَاسْتَغْفِرُوهُ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH II

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنُسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

KHUTBAH JUM'AT

Kunjungi www.alfurqonboyolali.org

dan dapatkan materi-materi khutbah lainnya

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ فَاتَّقُوهُ، وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ
بِأَمْرِ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا
الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ
اللَّهُمَّ أَعِزَّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ
رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.
عِبَادَ اللَّهِ.... إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَلَذِكْرُ اللَّهِ
أَكْبَرُ